# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# बढ़ियाँ राजा, अउर ख़राब राजा


लेखकः Edward Hughes

ब्याख्याकरः Lazarus

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलितः Ruth Klassen


कहानी 23 से 60


www.M1914.org

***Bible for Children***, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri

मनश्शे की खातिर ई एगो दुःखद समय रहल। उनकरी पिता, राजा हिजकिय्याह क मौत हो गइल रहल। खाली बारह साल क मनश्शे, यहूदा में परमेश्वर की लोगन क नाया राजा रहल। ई उनके पता त ना रहल, लेकिन मनश्शे 55 साल की खातिर राजा होखे वाला रहलन। मनश्शे के एगो बढ़ियाँ राजा होखे की खातिर परमेश्वर की मदद क आवश्यकता रहल।



1

लेकिन मनश्शे परमेश्वर के नजरअंदाज कर गन्दा काम कइलें। मनश्शे मूर्ति पूजा की खातिर वेदियन के पुनर्निर्माण करवलें। इहाँ तक की उ एगो नक्काशीदार छवि बना के परमेश्वर की पवित्र मंदिर में भी भेजलन!



2


परमेश्वर मूसा की माध्यम से कहले रहलन कि, "तोहन लोग अपनी खातिर कवनो भी खोदल मूर्ती के मत बनइहअ जा। तू ओकरी सामने न झुकीहअ जा अउर न ही ओकर सेवा करीहअ जा।"
3


मनश्शे जादू अउर टोना क अभ्यास भी कइलें। उ लोगन के परमेश्वर से दूर ले गइला क काम कइलन। इहाँ तक की राजा भी मूर्तियन की सामने बलिदान की खातिर अपनी लड़कन तक के जला दिहलन। मनश्शे की अनाज्ञाकारिता परमेश्वर के बहुत क्रोधित कर दिहलस।
4


जब उनकर लोग आज्ञा पालन ना करे लें तब, परमेश्वर उन सबके दंडित भी करेलें। ई मनश्शे अउर जेवनी लोगन पर उ शाशन करत रहलन, की साथ भइल। यहोवा ओ लोगन पर असीरियन सेना के लीअईलें। मनश्शे के जंजीरन में बांध के बाबुल की दूर देश के ले गइलन।
5


बाबुल में दुःख की समय, मनश्शे यहोवा, अपनी परमेश्वर के पुकरलन। उ अपनी पिता की परमेश्वर की समक्ष अपने आप के बहुत दीन कइलें, अउर उनसे प्रार्थना कइलें। अब अउर अधिक बेजान मूर्तियन से प्रार्थना ना कअरब! लेकिन, जीवित परमेश्वर से, उनकरी सब दुष्टता की बावजूद का जीवित परमेश्वर मनश्शे के जवाब दिहन?
6


हँअ! परमेश्वर, राजा की प्रार्थना के सुन लीहलन अउर यरूशलेम में उनके वापस लीअईलन। वापस सिंहासन अउर लोगन पर राजा होखे खातिर। अब मनश्शे जान लिहलन की यहोवा ही परमेश्वर हउवन।
7


राजा मनश्शे अब एगो नाया व्यक्ति रहलन। उ परमेश्वर की मंदिर से मूर्तीयन के बाहर निकललन अउर यरूशलेम में सब विदेशी देवता के एक जगह एकट्ठा कइलें। उ उन सब के दूर फेंक दिहलें। उ परमेश्वर की मंदिर की वेदी क मरम्मत करवलन अउर धन्यवाद क भेंट चढ़वलन।
8



फिर उ इस्राएल की यहोवा परमेश्वर क सेवा की खातिर अपनी लोगन के आज्ञा दिहलन। मनश्शे में ई एगो अद्भुत बदलाव रहल!



9

जब मनश्शे क मौत हो गइल, तब उनकर आपन बेटा, आमोन, मूर्ति पूजा में लिप्त हो गइलन। लेकिन उ मनश्शे की तरह परमेश्वर की सन्मुख खुद के बिनम्र ना कइलें। आमोन पाप पर पाप करत गइलन, ए खातिर अंत में उनकर सेवक लोग उनकरी ही घर में, हत्या कर दिहलें। उ खाली दू साल तक राज्य कर पवलन।



10

अगिला राजा, योशिय्याह, खाली आठ साल क रहलन। उ 31 साल तक राज कइलें अउर जेवन परमेश्वर की नजर में सही रहल उहे कइलन। उ सब झूठ पूजा पाठ अउर झूठ देवता लोगन के नष्ट कर दिहलन। वास्तव में, योशिय्याह सब मूर्तियन के जमीन में पीसके बुकनी कर दिहलन।



11

बढ़ियाँ राजा योशिय्याह परमेश्वर की मंदिर के साफ अउर मरम्मत करववलन। कचड़ा में से, एगो पुजारी के मूसा द्वारा दीहल गइल यहोवा की व्यवस्था क किताब मिलल।



12

जब राजा व्यवस्था की पुस्तक की वचन के सुनलन, उ दुःख में अपनी कपड़न के फड़लन। योशिय्याह जान गइलन की उनकर पूर्वज लोग परमेश्वर की कानून क अवहेलना करके कइसन दुष्टता दिखवले रहलन।



13

हल्दाह नामक एगो भविष्यद्वक्ता, योशिय्याह के परमेश्वर के संदेश दिहलन। "यहोवा ई कहत बाने कि उ हमके छोड़ देले बाड़न, ए खातिर जेवन सब शाप किताब में लिखल बा, हम ए जगह पर लीआइब।" लेकिन, योशिय्याह एगो, विनम्र अउर आज्ञाकारी राजा रहल। जब तक उनकर मउवत ना हो जायी, अइसन ना होइ।



14

परमेश्वर वापस अपनी लोगन के यहोवा की पास लीयवला में योशिय्याह क मदद कइलें। एक दिन लड़ाई में सेना क नेतृत्व करत करत, योशिय्याह बुरी तरह से एगो दुश्मन की तीरंदाज से घायल हो गइलन।



15

उनकर कर्मचारी में से एगो रथ में रख के यरूशलेम में उनकरी घरे ले अइलन जहाँ उनकर मउवत हो गोइल। उनकरी सब आपन लोग विलाप कइलें, अउर बढ़ियाँ राजा योशिय्याह की बारे में एगो गीत बनवलें।



16



एकरी तुरंत बाद उनकर राज्य समाप्त हो गइल। लेकिन कवनो दिन, एगो राजा, इस्राएल पर फिर से राज करीहन। उनकर नाम रजवन क राजा, अउर प्रभुवन क प्रभु हअ।

17



जब यीशु मसीह पहिली बार अइलन तअ उनके अस्वीकार कर दिहल अउर क्रूस पर चढ़ा दिहल गइल। अब यीशु मसीह फिर से अइहन, तब उ खाली इस्राएल क राजा ना बल्कि पूरा पृथ्वी पर राज करीहन।

18

बढ़ियाँ राजा, अउर ख़राब राजा

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से ई कहानी लीहल गइल बा

2 इतिहास 33-36

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के धरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउअ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !